



**Kominike pou laprès
Pibliye li imedyatman**

***GRAHN-Monde* parèt jodi a ak lide pou kreye
Enstiti syans, teknoloji ak etid avanse an Ayiti
(ISTEAH)**

Pòtoprens – 8 janvye 2013 – *Gwoup Refleksyon ak Aksyon pou yon Ayiti tou Nèf* la (GRAHN) parèt ak lide pou louvri yon **Enstiti syans, teknoloji ak etid avanse an Ayiti (ISTEAH)**. Nan ouvèti sa a, ki te fèt sou videyokonferans, te genyen apeprè swasant moun nan Lekòl Siperyè pou Enfòmasyon Ayiti a (ESIHA) nan Pòtoprens, nan Lekòl Politeknik Monreyal la ak nan Inivèsite Kebèk ki nan Abitibi Témiscamingue. Apa patnè kominote inivèsite ki Ayisyen yo ansanm ak syantifik ki soti toupatou, ki apwouve oubyen ki enterese nan pwòje a, te gen anpil reprezantan gouvènman an, sosyete sivil la ak laprès an Ayiti ki te patisipe nan ouvèti enstiti syans, teknoloji ak etid avanse an Ayiti a. Lansman sa a te fèt nan moman komemorasyon twazyèm ane tranbleman tè 12 janvye 2010 la.

Ekip pwofesyonèl inivèsite ayisyen an genyen anviwon yon milye pwofesyonèl, ki angaje yo patiyèlman nan ansèyman siperyè. Lè nou konsidere popilasyon Ayiti a, nou kwè, ki gen plis pase 10 milyon moun, nou kab di peyi a pa vrèman genyen ase pwofesè kalifye pou konsolide enstitisyon inivèsite li yo nan domèn lasyans ak teknoloji. Sa! Se te anvan tranbleman tè a.

Pandan tranbleman tè a, inivèsite Ayiti yo te pèdi plis pase anviwon san pwofesè ak administratè ansanm ak plizyè milye etidyan. Daprè plizyè sous enfòmasyon, genyen anpil pwofesè, administratè ak etidyan ki kite peyi a apre tranbleman tè a. Se bon moman pou nou prese prepare pwofesè ayisyen, espasyalman nan domèn syantifik ak teknolojik dapre yon modèl ki kab ranfòse kapasite enstitisyon inivèsite yo sou teren an epi diminye nan yon moman done depandans inivèsite ayisyen yo genyen parapò ak resous pwofesyonèl ki soti nan dyaspora a ak nan kowoperasyon entènasyonal la. Se nan kontèks sa a kreyasyon *Enstiti syans, teknoloji ak etid avanse an Ayiti (ISTEAH)* parèt.

ISTEAH dwe vini yon enstitisyon inivèsite ki ap bay yon fòmasyon wòdpòte prensipalman pou pwogram dezyèm ak twazyèm sik. ISTEAH vle mete lasyans ak teknoloji nan sèvis devlopman pou fòmasyon sitwayen, moun ki kab fè inovasyon, lidè konpetan ki kab ajè sou plan lokal, nasyonal epi rejyonal. Konsa, ISTEAH vle kontinye aksyon enstitisyon ki deja ekziste an Ayiti yo epi ranfòse yo yon fason dirab apati resous konplèmantè, yo va mete ansanm nan domèn espesifik, kote ki pa genyen ekspètiz la oubyen kote ki gen ratman nan ekspètiz la. Anpil syantifik nan GRAHN ansanm ak konpayèl yo an Ayiti, nan Kanada, Etazini ak nan la Frans soutni lide sa a.

Nan yon peryòd tan ki kab dire 10-an, ISTEAH ta renmen fòmasyon 1000 syantifik pou ogmante nivo lasyans nan peyi a epi diminye depandans peyi a parapò ak peyi etranje pou fòmasyon elit entèlektyèl li yo.

Konsènan GRAHN

GRAHN se yon òganizasyon mondyal ki genyen sitwayen ki rete vijilan toupatou sou latè. Yo plis konsantre yo sou youn apwòch, kote se tout moun ki mete yo ansanm pou yo rezoud pwoblèm Ayiti. GRAHN vle kreye aksyon konstriktif ak bon jan kowòdinasyon pou yon Ayiti tou nèf, ki dwe chita sou lajistis, pataj, solidarite, ledikasyon, respè pou anviwonman an epi yon lanmou pou byennèt tout moun.

-30-

Pou tout lòt enfòmasyon :

Rodrigue Bauge, Vis-prezidan kominikasyon GRAHN-Monde, rodrigue.bauge@grahn-monde.org

<http://www.grahn-monde.org>